



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU UBIQUITY SOLAR TABLI OPERASYON PWODIKSYON AMERIKEN NAN ANSYEN KANPIS IBM HURON LAN NAN KONTE BROOME

Konpayi an t ap envesti 61 milyon dola pou retilize 800,000 pye kare espas vid epi kreye jiska 150 nouvo djòb nan vilaj Endicott

Investisman an ap konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke antrepriz Kanadyen Ubiquity Solar Inc. ap etabli operasyon pwodiksyon pano solè fotovòltayik Ameriken li nan ansyen sit IBM nan vilaj Endicott nan Konte Broome. Pou faz inisyal pwojè a, konpayi an prevwa retilize 800,000 pye kare espas nan ansyen kanpis la, ki reprezante yon investisman apeprè 61 milyon dola, ki enkli renovasyon sit, ekipman, ak enstalasyon.

"Southern Tier tounen yon sant pou rechèch, inovasyon ak fabrikasyon depwent pou pwochen jenerasyon an, e desizyon Ubiquity Solar pou etabli operasyon ameriken li yo nan Endicott, se yon lòt endikatè avni briyan rejyon an.," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se atravè pwojè ki wè pi lwen sa yo ke n ap ede ensite devlopman ekonomik atravè Rejyon Nò New York la, k ap asire yon avni ki pi dirab pou jenerasyon k ap vini yo."

Anplis, Ubiquity Solar gen previzyon pou kreye jiska 150 djòb wotman kalifye nan rejyon an. Ak redevlopman sit la ki deja ankou, konpayi an prevwa pou l operasyonèl nan kanpis Endicott la nan fen ane 2022 a.

Ubiquity Solar se yon konpayi Nò Ameriken ki konsantre sou pano fotovòltayik ak materyèl ki lye ak mache yo. Konpayi an k ap fonksyone nan sektè pano solè a depi 1996, te devlope teknoloji PV ki pèmèt yon modèl biznis monoblòk inik, ki entegre vètikalman, ki konsantre rejyonalman. Ubiquity Solar sèvi kliyan nan sektè ayewo espasyal, pwodiksyon kouran, ak aplikasyon materyèl ki lye yo, epi konsantre sou pwodiksyon pwodui Fotovòltayik ki iltra fèb an kabòd, ki Fèt an Amerik, ki efikas pou bezwen pwodiksyon enèji renouvlab ki enpòtan Amerik Dinò a ak tranzisyon li a yon ekonomi ki fèb an kabòn.

Nan premye faz pwojè a, yo prevwa ke ogmantasyon kapasite ki soti nan ansyen sit IBM lan ap pèmèt Ubiquity Solar pwodui 1.5 MWp selil Fotovòltayik kalite avanse pou

kliye ayewo espasyal ak 350 MWp selil Fotovòltayik kalite itilite pou alimante mache pwodiksyon kouran an nan 2022. Aktyèlman nan Etazini, gwosè mwayen yon nouvo sistèm Fotovòltayik nan yon rezidans yon sèl fanmi se 7kWp, ki vle di pwodiksyon inisyal 350MWp ta ka alimante 50,000 kay ki gen gwosè mwayen.

PDG Ubiquity Solar la, Ian MacLellan te deklare, Nou kontan anpil pou tabli operasyon fabrikasyon Ameriken nou an nan Southern Tier. Nou konnen Eta New York favorab pou antrepriz, genyen yon mendèv kalifye, epi angaje nan pran mezi ki solid sou klima ak dirabilite, ki fè li yon bon kote pou premye faz estrateji ekspansyon Ameriken nou an. Nou kontan pou jwe yon wòl nan redevlopman ansyen sit IBM lan ak yon angajman ki pi elve pou règ jesyon anviwònmantral kòm fondman pou fabrikasyon Fotovòltayik ki iltra fèb an kabòn, ki Fèt an Amerik, efikas nou an. Nou ta renmen eksprime remèsiman sensè nou bay ekip Empire State Development lan pou sipò yo”.

Empire State Development ap ede pwojè a avèk jiska 3 milyon dola atravè pwogram Kredi Taks Excelsior Jobs la, ke y ap bay akòz kreyasyon travay reyèl. Envestisman sa ap ajoute revitalizasyon ki deja ap fèt nan ansyen kanpis IBM lan, ki kounye a se fwaye nouvo konpayi inovan yo. Sektè enèji pwòp la ak ansanm ak sektè segondè yo nan Southern Tier te benefisye de kwasans òganik ki baze sou ekspètiz reyonal ak motivasyon Eta a.

Ajanda enèji vèt Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye djòb epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt. Ensitasyon eta a bay pou pwojè sa ap sipòte efò sa yo dirèkteman epi li p ap sèlman ede eta a pase nan yon ekonomi ki net an kabòn, reyalize objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) New York la, men tou pral ankouraje retablisman ekonomik apre pandemi COVID la.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare, "Eta New York angaje li pou etabli tèt li kòm lidè nan efò nasyonal la pou yon lavni ki pi renouvlab ki konsantre sou ekselans nan enèji vèt. Lè nou pote ekspètiz vizyonè li a nan Southern Tier, Ubiquity Solar ap kreye djòb wotman kalifye, nan fabrikasyon wot teknoloji, k ap ede favorize nouvo envestisman nan kanpis Huron ki retilize a, k ap ranfòse ekonomi vèt New York la pi plis."

Senatè Fred Akshar te deklare, "Sa bon pou wè yon nouvo anplwayè ap kontinye eritaj teknoloji ki konsantre sou lavni nan ansyen Kanpis Huron IBM lan. Sa toujou ankourajan pou wè kalite angajman travay sa yo, ak sib devlopman ekonomik Eta yo isit la nan kominote a."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen kontan anpil ke Ubiquity Solar te deside etabli operasyon fabrikasyon Ameriken li yo isit la nan Endicott. Rejyon nouan, avèk istwa rich inovasyon li, ak etablisman rechèch modèn yo, se kote ki pafè pou sektè enèji pwòp yo grandi epi devlope. Mwen kontan ke Ubiquity te eksprime yon "angajman pou règ jesyon anviwònmantral ki pi elve" pou konstriksyon selil fotovòltayik

yo. Mwen enpasyon pou entwodui yo bay divès pati ki enterese nan kominote a k ap vle aprann plis sou plan ak operasyon yo. Yon lòt fwa ankò, sa se yon nouvel ki byen akeyi."

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Sa se yon trè bon nouvel pou Konte Broome. 150 djòb wot teknoloji nan Kanpis Huron lan se yon gwo devlopman pou fè pati sa nan kominote nou an vin yon lidè nan inovasyon yon lòt fwa ankò. Mwen apresye envestisman Ubiquity Solar a nan Konte Broome, ansanm ak angajman kontini Eta a pou revitalize pati dinamik sa nan kominote nou an."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Ubiquity Solar, vizite: <http://www.ubiquitysolar.com/>

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplèman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Depi 2012, Eta te deja investi plis pase 7.4 milya dola nan rejyon an pou tabli fondasyon pou plan an - lè li atire yon mendèv ki plen talan, devlope biznis epi pwomouvwa inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Envèstisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)